



**City of Cambridge**

# **Kijan pou w Jwenn Asistans Manje**

vil Cambridge ap asire li ke rezidan Cambridge yo jwenn aksè ak manje pandan epidemi COVID-19 (kowonaviris) la. Pou yon lis bank alimantè ak pwogram manje kominotè ki ouvri, vizite [www.twitter.com/CambMOtion](https://www.twitter.com/CambMOtion)

## **Cambridge Community Food Line (liy manje kominote Cambridge) (617-349-9155)**

Vil Cambridge ak Food for Free (Manje Gratis) te fè aranjman sèvis livrezon manje sa a pou rezidan Cambridge ki pa genyen aksè ak sous manje regilye. Cambridge Community Food Line (Liy Manje Kominote Cambridge) pral fè livrezon yon sak pwodui ak atik pwovizyon konsèvasyon estab pou endividi ak fanmi ki kalifye jiskaske bank alimantè ak pwogram manje yo ka reouvri.

Ou kalifye pou sèvis sa a si:

- Bank alimantè oswa pwogram manje ou te konn sèvi a fèmen jiska nouvel èd
- Ou te pèdi travay ou oswa yon pati nan salè w epi w pa gen mwayen pou w achte pwovizyon nan moman sa a
- Ou oblije rete lakay ou akòz maladi, andikap, oswa karantèn epi w pa genyen sipò pou pote manje pou ou
- Ou anba gwo risk pou COVID-19 epi w pa genyen aksè ak yon sous manje regilye

Cambridge Community Food Line (Liy Manje Kominote Cambridge) pral bay nenpòt moun ki kalifye pou sèvis la pwovizyon, kèlkeswa kondisyon w ak imigrasyon.

Pou patisipe, rele 617-349-9155. Yo pral mande w pou w kite non w, nimewo w, ak adrès ou. Yon manm pami anplwaye nou yo pral rele w nan entèval 24 èdtan pou konfime ke w kalifye. Si w kalifye, y ap ajoute w sou lis distribisyon chak semèn nan.

## **Asistans Manje pou Rezidan ki Pi Granmoun yo**

- Cambridge Community Food Line (617-349-9155) ka livre manje pou rezidan ki granmoun ki pa genyen aksè ak sous manje yo. (gade detay anvan yo)

## **Lè Espesyal Magazen Pwovizyon**

- Magazen pwovizyon lokal yo ap ofri lè espesyal pou moun ki genyen plis pase 60 lane pou ba yo tan pou yo achte avan piblik jeneral la:
  - Market Basket, 400 Somerville Ave., Somerville:  
Madi, mèkredi ak jedi soti 5:30 è nan maten – 7:00 è nan maten.
  - Pemberton Farms, 2225 Massachusetts Ave., Cambridge  
Chak jou soti 6:00 è nan maten – 7:00 è nan maten pou kliyan ki genyen 60 lane ak plis yo.  
Livrezon disponib tou; voye yon imèl bay Denna nan [denna@pembertonfarms.com](mailto:denna@pembertonfarms.com)
  - Stop & Shop, ki twouve li nan McGrath Highway ak Alewife Brook Parkway,  
Chak jou soti 6:00 è nan maten – 7:30 nan maten.
  - Starmarket, twouve li nan Porter Square, sou Beacon Street, ak sou McGrath Highway,  
madi ak jedi soti 7:00 è nan maten - 9:00 è nan maten  
(Lè sa yo disponib pou fanm ansent ak lòt moun ki anba gwo risk)
  - Whole Foods  
River Street espas la ap ouvri a 8:00 è nan maten.  
Prospect Street espas la ap ouvri a 7:00 è nan maten.  
Fresh Pond espas la ap ouvri a 8:00 è nan maten.

Pou plis enfòmasyon sou aksè ak manje, vizite [www.cambridgema.gov/COVID19/food](https://www.cambridgema.gov/COVID19/food)

## **Pwogram Manje Ijans pou Lekòl Piblik Cambridge**

Chak semèn, Lekòl Piblik Cambridge pral anbale ak distribye sachè manje maten ak midi nan plizyè lokalite atravè vil la. Fanmi Cambridge k ap travèse moman difisil pou manje mèt santi yo alèz pou pran yon sachè pa timoun/jèn kèlkeswa kondisyon Manje Gratis/Rediksyon yo genyen. Tanpri ranpli [Meal Request Form](#) (fòm demann manje) a chak jou pou ede nou planifye ak presizyon epi distribye manje yo. Gen plis enfòmasyon ki disponib nan [www.cpsd.us](http://www.cpsd.us)